



Pou Piblikasyon Imedya: 04/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ ECHANJÈ KEW GARDENS KI KOUTE 739 MILYON DOLA KI TE ONORE PA ASOSIYASYON OFISYÈL OTOWOUT AK TRANSPÒ ETA A NAN ETAZNI

Pwojè NYSDOT genyen prim rejonal nan konpetisyon Prim Transpò nan Etazini pou 2023 a nan kategori "Pi bon Itilizasyon Teknoloji ak Inovasyon, Gra Pwojè"

Gade videyo finisman echanjè a [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon gwo pwojè ki fèk fini pa Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a resevwa yon prim nan konpetisyon Prim Transpò nan Etazini pou 2023 a. Yo te nonmen Echanjè Kew Gardens lan ganyan rejon Asosyasyon Ofisyèl Transpò Eta (Northeast Association of State Transportation Officials, NASTO) Nòdès yo nan kategori "Pi bon Itilizasyon Teknoloji ak Inovasyon, Gran Pwojè". Ane sa a, 36 depatman transpò eta te patisipe nan konpetisyon an, epi yo te nonmen 81 pwojè otototal. Yo te prezante prim lan nan Reyinyon Anyèl NASTO le 11 jiyè nan Wilmington, DE.

"Pwojè Echanjè Kew Gardens Depatman Transpò an se te yon gwo travay ki te itilize inovasyon ak teknoloji pou amelyore enfrastrikti transpò nan Queens, pandan tout tan li te redwi anbouteyaj epi ede kenbe sikilasyon an mouvman kontinye ap deplase", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou nou rekonèt nan nivo nasyonal travay sa a se yon temwayaj efò nou pou fè lavi Nouyòkè yo vin pi bon. Mwen remèsye Asosiyasyon Ofisyèl Otowout ak Transpò Eta a nan Etazini (American Association of State Highway and Transportation Officials, AASHTO) yo pou rekonesans sa a epi mwen voye remèsiman sensè mwen bay tout ekip Depatman Transpò Eta New York la pou travay di yo sou pwojè sa a."

Patwone pa Asosiyasyon Ofisyèl Otowout ak Transpò Eta a nan Etazini (American Association of State Highway and Transportation Officials, AASHTO), AAA, ak Chanm Komès Ameriken an, konpetisyon Prim Transpò nan Etazini an rekonèt pwojè ak pwogram ki fè kominote yo pi bon kote pou viv, travay ak jwe. Kounye a nan 16èm ane li a, prim yo ede montre poukisa enfrastrikti transpò enpòtan anpil.

Pwojè Echanjè Kew Gardens ki koute 739 milyon dola nan Queens, ki [te fini nan fen ane 2022](#), te amelyore youn nan koridò zòn metwopolitèn ki pi vwayaje, sa ki te kreye

tan wwayaj pi rapid, fizyon ak sòti ki pi an sekirite, ak koneksyon ki pi fyab pou dè santèn milye pasaje, wwayajè ak biznis lokal ki itilize li chak jou pou rive nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy ak lòt destinasyon kle yo toupatou rejyon an. Pwojè Echanjè Kew Gardens lan dènyèman te genyen tou yon Prim Rekonesans Nasyonal nan konpetisyon Prim Ekselans ou Enjenri Konsèy Ameriken pou Konpayi Enjenyeri yo (American Council of Engineering Companies, ACEC), ke Gouvènè Hochul te [te anonse](#) an avril 2023.

Kategori Pi bon Itilizasyon Teknoloji ak Inovasyon an rekonèt nouvo teknoloji ak/oswa solisyon kreyatif/inovan yon departman transpò eta aplike kòm yon pati nan yon pwojè transpò. An jeneral, te gen twa kategori pou prim yo: Ekselans Operasyon, Kalite Lavi/Devlopman Kominotè, ak Pi bon Itilizasyon Teknoloji ak Inovasyon.

Aprè tout reyinyon rejyonal yo te fèt pandan ete a, yo pral nonmen twa pwojè ki gen plis nòt nan chak rejyon yo "Top 12" epi yo pral kontinye fè konpetisyon pou de premye prim nasyonal yo. Se yon panèl endepandan jij ki chwazi Gran Pri (Grand Prize) a, alòske se piblik la te detèmine Prim Chwa Pèp (People's Choice Award) la atravè vòt sou entènèt. Yo pral anonse ganyan yo nan Reyinyon Anyèl AASHTO nan Indianapolis Novanm sa a.

Komisè Departman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Pwojè transfòmatif Echanjè Kew Gardens lan te mennen nan mwens anbouteyaj ak sekirite amelyore pandan y ap amelyore rezistans klimatik ak ankouraje transpò milti-modal. Prim sa a se pou tout fanm ak gason devwe nan Departman Transpò Eta New York ki fè pwojè sa yo posib epi ki konsantre sou avanse transpò san danje pou tout moun. Remèsiman sensè nou anvè Prim Transpò Ameriken an - se yon onè pou nou rekonèt Echanjè Kew Gardenslan kòm yon pwojè transfòmatif, ki konsyan de klima a ki deja chanje yon sistèm transpò pou li vin pi bon, nan Queens ak odela."

Vizite <https://americatransportationawards.org/> pou aprann plis sou nomine pou ane sa a, tankou Echanjè Kew Gardens lan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)